

SEZON TAKS 2017 OUVÈ POU REKOUVREMAN

Poutèt Siklòn Irma, Gouvènè Rick Scott te siyen Dekrè-Lwa 17-235 la. Konfòmman a otorite yo akòde li nan Dekrè-Lwa 17-235 la, Depatman Revni Florida (Florida Department of Revenue), nan dat 6 septanm 2017, te sòti yon Òdonans Dijans ki aplike dispozisyon Dekrè-Lwa 17-235 la. Òdonans la, ak amannman ki vin fèt ladan apre yo, te sispann delè yo epi li te otorize pwolongasyon nan pwosede apwobasyon bidjè a, ak etablisman to pa mil ak prelevman espesyal otorite fiskal lokal yo fikse yo.

Otorite fiskal lokal yo sèvi avèk pwolongasyon Dekrè-Lwa a pou fè odyans epi pou apwouve bidjè, to pa mil ak prelevman espesyal yo chak pou prelevman baze sou valè yo ak sa ki pa baze sou valè yo. Pwolongasyon otorize sa yo pote kòm konsekans reta nan kalkil ak preparasyon avi taks anyèl yo ke Pèseptè a nòmalman poste nan dat 1ye novanm pou pi ta.

Lwa Florida 197.162 egzije pou yo pwolonje peryòd rabè maksimòm 4% sou peman bonè a 30 jou apati premye avi taks la. Peryòd 30 jou rabè maksimòm 4% an ap kòmanse 14 novanm pou fini 13 desanm 2017, jan sa parèt sou bòdwo ki anndan anvlòp sa a. Rabè 3% desanm nan ap aplikab kòmanse 14 desanm rive 31 desanm 2017. Apre sa, rabè ak frè reta nòmal Lwa Florida 197.162 la prevwa yo pral rebran (sa vle di, 2% an janvyè, 1% an fevriye, 0% an mas). Dènye jou pou peye taksak prelevman sou pwopriyete yo anvan ou vin an reta se 31 mas 2018, epi tout taks ak prelevman ki pa peye ap vin an reta 1ye avril 2018.

Sezon taks 2017 lan ouvè pou rekouvremman nan Konte Miami-Dade. Enpo lokatif yo evalye depi 1 janvyè pou jiska 31 desanm epi yo koumanse rekouvremman apati 14 novanm.

Rabè Sou Peman Pi Bonè yo:

- 4 pousan rabè si nou peye jiska 13 Desanm 2017
(Ekstansyon akòz Siklòn Irma)
- 3 pousan rabè si nou peye anvan 31 Desanm 2017
- 2 pousan rabè si nou peye jiska 31 Janvyè 2018
- 1 pousan rabè si nou peye jiska 28 Fevriye 2018

Pa genyen ankenn rabè si nou peye nan mwa Mas

Enpo lokatif yo ap konsidere fotif oswa pa peye 1 Avril 2018

Kòm rezilta, si nou manke pa peye enpo lokatif yo, nap genyen frè, enterè adisyonèl ak penalite epi tou nou gen dwa menm pèdi pwopriyete nou an.

Pou kapab tcheke konbyen kòb ou dwe/oswa fè yon peman ale nan adrès entènèt sa-a www.miamidade.gov

Si dat rabè an tonbe yon Samdi, Dimanch oswa yon jou konje nasyonal, se pou nou vini an pèsòn nan Biwo Pèseptè an pwochen jou ouvrab lan.

Nou kapab peye:

- Sou entènèt avèk tchèk oswa avèk kat kredi nan: www.miamidade.gov (Folio ki ginyin sètifika taks oubyen ki fè fayit pa kapab peye yo sou entènèt)
- Pa lapòs - yo baze rabè sou taks aktyèl yo dapre dat so lapòs lan.
- An pèsòn - nan biwo sa-a:

BiwoTax Collector

200 NW 2 Avenue, 1st Floor
Miami, FL 33128

Biwo an ouvri: Lendi - Vandredi 8:00 a.m. jiska 4:30 p.m.
(Nou pa ouvri nan jou konje nasyonal yo)

**Fè chèk yo sou non: Miami-Dade County Tax Collector
(Peman yo fèt pou yo sòti nan yon Bank Ameriken an lajan Ameriken)**

Pou plis enfòmasyon rele: 305-270-4916 oswa vizite
www.miamidade.gov/taxcollector

Marcus Saiz de la Mora, Pèseptè
Konte Miami-Dade